

Chanmòt La IPN Dejean

50

Rete kalm

Madi 18 Oktòb 1977

Li Egzòd 14:10-18

Pa pè anyen, rete an plas epi gade delivrans ke Letènèl pral ba w jodi a. Egzòd 14:13.

Pandan te gen yon rebelyon nan peyi Kongo, nan ane 1960, Doktè Kal Bekè te resevwa avètisman pou l sove kite lopital ke misyon an te genyen nan Oicha, avan rebèl yo te debake. Etan li tap prepare pou kite pèp Pigme yo ke li te sèvi pandan 31 ane, yo te mennen ba li dijans yon dam ansent pou li fè yon sezaryèn.

Kòm msye te santi ke sa ta kapab yon siy Bondye voye, Bekè te ranvwaye vwayaj la pou demen. Lè l tap medite, li te feyte la Bib li e l te rete sou Egzòd chapit 14. Nan chapit sa a, msye te li pawòl sa yo ke nou site pi wo a, ke Moyiz te adrese pèp Izrayèl ki tap kouri kite peyi Lejip.

Sa te fè tout dout disparèt nan kè li a pwopo desizyon li an. Li ta «rete an plas». Ti gout tan aprè, yon delegasyon ofisyèl ke gouvènman an te voye, te vin pote nouvèl ke yon batayon sòlda te nan wout pou vin pwoteje e moun yo e lopital misyon an.

Priyè

Seyè byenn-eme, lè nou an fas de sitiasyon ki dezespere, ede nou rete kalm paske n konnen ke w va ede nou. Nou di priyè ke Jezi te montre disip Li yo: «Papa nou ki nan syèl... Amèn.»

Panse pou la Jounen an

Rete kalm, paske n konnen ke le mal disparèt lè Bondye prezan.

William W. Hassler — Dover, Delaware

Sijè priyè: Ki jan mwen kapab yon moun k ap repann lapè

Mèkredi 19 Oktòb 1977

Li Lik 7:19-23

Li reponn yo: Ale rapòte Jan sa nou wè ak sa nou tande: Avèg wè, moun bwete mache, moun ki gen la lèp vin pwòp, soud tande, mò resisite, Levanjil anonse bay pòv yo. Lik 7:22.

Pandan lontan mwen te kwè ke tou sa Bondye tap mande m sete renmen Kris epi aji avèk amou nan lavi mwen. Men, yon fraz nan yon liv te frape lèspri m anpil. Fraz la te di kon sa: «Yon relijyon kretyèn ki pa pale, se yon relijyon ki meprize misyon Kris la».

Anpil kretyen ki pa rann temwayaj kwè, menm jan m te konn kwè l la, ke «aksyon nou pale pi fò pase pawòl nou», e ke pa konsekan aksyon yo pou kont yo sifi. Wi, aksyon yo kapab pale pi fò, men yo pa fòseman pale pi klèman.

Nan pwogram ki rele «Montre epi pale» a, si nou montre tèt nou sèlman, sa pa ta prèske vo anyen pou asistans la. Men si nou montre tèt nou e ke nou pale, lezòt yo va konnen ke amou nou soti nan Kris. Nou dwe ba Li glwa pa mwayen pawòl nou yo.

Kounye a lè mwen fè kichòy pou lezòt yo gras a lamou, mwen sonje ke se paske Kris te aprann mwen ki jan pou m renmen ke mwen fè l. Si moun sa yo eseye di m mèsi pou sa, mwen di yo: «Mèsi. Kris te aprann mwen ki jan pou m aji».

Priyè

Seyè Jezi, mwen te viv anpil mirak nan lavi m. Mèsi. Ede m sonje pale lezòt yo de amou w epi montre yo sa w fè ak lavi m. Anplwaye m pou «montre epi di». Amèn.

Panse pou la Jounen an

Ki sa Bondye mande m montre epi di jodi a?

Lucinda Pyatt — Ravenswood, Virginie de l'Ouest

Sijè priyè: Lapè — moun yo k ap repann lapè nan lemonn